

Pre-Aplikasyon pou Lis atant

Paj sa a dekri enfòmasyon enpòtan sou kondisyon pou kalifye ak sou kondisyon pwogram nan. Sonje pou li pre-aplikasyon an avèk anpil atansyon anvan ou ranpli li. Pou mande yon aranjman rezonab pou ranpli yon pre-aplikasyon, tanpri kontakte Administrasyon Lojman nan nimewo 617-864-3020.

Depi ou soumèt yon pre-aplikasyon, ou mande pou nou mete ou sou yon lis atant louvri pou èd nan lojman ki administre avèk Administrasyon Lojman Cambridge (Cambridge Housing Authority). Konfimasyon ki endike ou ranpli pre-aplikasyon an pa garanti n ap mete ou nan lojman oswa sa pa garanti w ap resevwa yon sibvansyon. Lè nou kontakte ou pou seleksyon, yon aplikasyon ki pi detaye ap obligatwa pou kalifikasyon final ou.

Sitiyasyon Lis atant lan:

Pwogram Bon pou Chwazi Lojman (HCV/Seksyon 8) **(ouvè)**

Espas Yon Chanm **(ouvè)**

Lojman Piblik ak Ansyen Lojman-Fanmi Piblik **(ouvè)**

Lojman Piblik ak Ansyen Lojman Piblik- Granmoun Aje/Andikape **(ouvè)**

Pòtay Kandida

Klike la a pou jwenn aksè nan Pòtay Kandida a, gen yon platfòm sou entènèt kote w ka verifye sitiyasyon w sou lis atant la epi fè mizajou sou enfòmasyon pre-aplikasyon w lan. Pou aprann plis, tanpri **klike la a** pou egzamine Kesyon yo Poze Souvan sou Pòtay Kandida a.

Enfòmasyon Pwogram nan:

Pwogram Lojman Fanmi (Lojman Piblik ak Ansyen Lojman Piblik)

Klike la a pou Kalifikasyon nan Pwogram Lojman Fanmi an, Enfòmasyon, ak Fèy Enfòmasyon

Pwogram Lojman Fanmi Administrasyon Lojman Cambridge (CHA) genyen ladann konplèks apatman (ke yo konnen sou non devlopman tou) ak apatman endividyèl kote sibvansyon an baze sou pwopriyete (ki atache ak apatman an, epi ki pa mobil (atache ak lokatè a). Nan Pwogram Lojman Fanmi an, genyen plizyè kalite sou-pwogram, ak kèk ti diferans nan règ yo, kote pi gwo diferans lan se egzijans kalifikasyon salè pou admisyon nan pwogram espesifik yo.

Pwogram Lojman Granmoun Aje (Lojman Piblik ak Ansyen Lojman Piblik)

Klike la a pou Kalifikasyon nan Pwogram Granmoun Aje a, Enfòmasyon, ak Fèy Enfòmasyon

Pwogram Lojman Fanmi Administrasyon Lojman Cambridge (CHA) genyen ladann konplèks apatman (ke yo konnen sou non devlopman tou) ak apatman endividyèl kote sibvansyon an baze sou pwopriyete (ki atache ak apatman an, epi ki pa mobil (atache ak lokatè a). Nan Pwogram Lojman Granmoun Aje a, genyen plizyè kalite sou-pwogram, ak kèk ti diferans nan règ yo, kote pi gwo diferans lan se egzijans kalifikasyon salè pou admisyon nan pwogram espesifik yo.

Pwogram Bon pou Chwazi (Seksyon 8)

Klike la a pou Kalifikasyon nan Pwogram HCV, Enfòmasyon, ak Fèy Enfòmasyon

Pwogram HCV fòme avèk Koupon ki Baze sou Lokatè ak Koupon ki Baze sou Pwojè. Anba pwogram Koupon ki Baze sou Lokatè (Tenant-Based Voucher, TBV) CHA, moun ak fanmi ki kalifye yo ap resevwa yon kupon "mobil". Moun ki gen kupon an ap chèche yon apatman li renmen nan mache lwaye prive a. Si lokatè deside demenaje pita, li kapab ale avèk kupon li pou chèche yon lòt apatman. Anba pwogram Koupon ki Baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) CHA, moun ak fanmi ki kalifye yo chwazi pou viv nan devlopman PBV yo. Yon PBV tache nan apatman an (epi li pa mobil). Devlopman yo gwoup an diferan lis atant ki baze sou devlopman. Lokatè PBV yo kalifye pou mande yon kupon ki baze sou lokatè (mobil) apre yo viv nan apatman yo pou yon sèten peryòd tan (youn a dezan selon devlopman an).

Lojman nan yon Sèl Chanm

Klike la a pou Kalifikasyon nan Pwogram SRO a ak Enfòmasyon

Pwogram sa a bay lojman pou moun ki nan lojman angwoup (anjeneral nan espas komen yo pataje).

Enpòtan:

Anvan ou kòmanse pwosesis pre-aplikasyon an, tanpri mete disponib:

Nimewo Sekirite Sosyal (Si chèf fanmi an pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, kontakte CHA pou jwenn yon nimewo Idantifikasyon altènatif),

Non ak dat nesans tout manb fanmi yo

Salè tout manb fanmi yo

Papye ak plim pou ekri nimewo konfimasyon w lan (si w pa ka enprime paj konfimasyon an)

Sonje pou li kondisyon pou kalifye yo ak enfòmasyon ki enpòtan sou lis atant lan. Sonje pou korije tout enfòmasyon ki tape yo.

Aprè ou soumèt yon pre-aplikasyon sou entènèt, si gen yon lis atant ki louvri, ou ka mande pou nou ajoute non ou nan lis atant siplemantè depi ou soumèt yon nouvo pre-aplikasyon sou entènèt. Anjeneral, w ap resevwa yon nouvo dat ak lè aplikasyon an pou lis atant siplemantè ou chwazi yo.

Anjeneral, se CHA ki travay sou pre-aplikasyon yo nan 30 jou aprè konfimasyon an. Moun ki aplike yo ta dwe rete tann 30 jou aprè lè yo soumèt yon pre-aplikasyon pou fè chanjman yo.

Moun ki aplike yo responsab pou fè CHA konnen sou entènèt nenpòt chanjman enfòmasyon ki gen pou wè ak kantite moun ki lakay yo, enfòmasyon pou kontakte yo, revni ak/oswa preferans seleksyon yo. Ou kapab tcheke kondisyon ou epi chanje enfòmasyon sou moun lakay ou sou pòtay moun ki aplike sou sitwèb <https://cha.applicants4housing.com>.

Klike la a pou li Deklarasyon CHA konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon yo

Avètisman:

Ou kapab resevwa pre-aplikasyon yo sou entènèt nenpòt lè pandan peryòd lis atant lan. Moun ki aplike yo ap resevwa yon nimewo konfimasyon pou rekonèt transmisyon pre-aplikasyon yo avèk siksè. Lè ou soumèt pre-aplikasyon sa a sa pa ba ou garanti pou nou mete non ou sou nenpòt lis atant.

Administrasyon Lojman Cambridge (Cambridge Housing Authority) pa pratike diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap, idantite seksyèl, preferans seksyèl, eta sivil oswa sityasyon fanmi. Nou bay aksè egale pou moun andikape nan pwogram nou yo, sèvis nou yo ak aktivite nou yo.

Klike la a pou aplike pou lojman kounye a.

